

Avi pou rezidan Melrose ak Morrisania konsènan maladi Legionnaires la

10 septanm 2026

Depatman Sante Vil New York ap mennen yon ankèt kounye a sou yon epidemi maladi Legionnaires nan katye Morrisania ak Melrose nan Sid Bronx (kòd postal 10451 ak 10456).

Maladi Legionnaires la se yon fòm nemoni. Sentòm li yo sanble ak sa ki nan grip la, epi yo gen ladan yo lafyèv, frison, doulè nan misk, tous, ak difikilte pou respire.

Risk pou w pran maladi Legionnaires la ba, men si w ap viv oswa travay nan youn nan zòn ki gen kòd postal sa yo, si w te vizite zòn nan nan mwa septanm nan, epi w ap santi sentòm maladi a, konsilte yon pwofesyonèl swen sante imedyatman. Pou jwenn èd pou w jwenn yon pwofesyonèl swen sante—kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon w oswa asirans ou—rele 311 oswa 844-NYC-4NYC (844-692-4692). Pou w jwenn dènye enfòmasyon yo, tankou kantite ka yo konfime, vizite nyc.gov/legionnaires.

Gen anpil chans pou gwo fòtèy refwadisman ki nan minisipalite a se sous bakteri *Legionella* ki lakòz epidemi lejyoneloz sa a. An jeneral, yo enstale fòtèy refwadisman sa yo sou tèt bilding yo. Yo ede kontwòl tanperati sistèm refwadisman yo, tankou inite refrijerasyon. Fòtèy sa yo lage yon vapè dlo nan lè deyò a ki ka gen bakteri an ladan l.

Depatman Sante a ap fè tès sou gwo sistèm refwadisman (cooling towers) ki nan zòn nan. Y ap bay bilding ki gen sistèm sa yo, e ki jwenn rezilta pozitif pou prezans bakteri *Legionella*, òd pou yo netwaye epi dezenfekte sistèm refwadisman yo imedyatman..

Rezidan katye a ka bwè dlo tiyo san danje, lave kò yo, pran douch, kwit manje, epi itilize èkondisyone lakay yo.

Pou plis enfòmasyon oswa si w gen kesyon, eskane kòd QR la, vizite nyc.gov/legionnaires, call **311**, oswa voye yon imèl bay Depatman Sante a nan communityaffairs@health.nyc.gov.

